

DEMAND POU AKOMODASYON DAPRE SEKSYON 504 2021-2022

Non elèv la _____ Dat nesans _____ #ID elèv _____

Non lekòl _____ ATS/DBN lekòl _____ Klas/Salklas _____

Non paran/responsab ki fè demand lan _____ Relasyon l avèk elèv la _____

Dat yo voye l ba kowòdonatè 504 la _____ Non kowòdonatè 504 la _____

Èske elèv la gen yon IEP ki aktyèl? Wi Non # telefòn kowòdonatè 504 la _____

Premye pati: Paran/responsab la dwe ranpli pati sa a epi voye l ba kowòdonatè 504 la

Dekri pwoblèm lan pi ba a epi di kòman li afekte pèfòmans elèv la nan lekòl:

Mande akomodasyon dapre pwoblèm yo mete pi wo a. Tanpri kontakte kowòdonatè 504 lekòl ou a si w gen nenpòt kesyon.

Demand pou akomodasyon <i>Responsab la tcheke tout sa li mande yo:</i>	Nouvo demand <i>Pou lekòl la itilize sèlman</i>	Demand renouvèlman <i>Pou lekòl la itilize sèlman</i>
Akomodasyon pou egzamen <input type="checkbox"/> Orè egzamen/lè y ap bay egzamen (egzanp lè anplis, etc.) <input type="checkbox"/> Anviwònman/lokal y ap bay egzamen <input type="checkbox"/> Metòd pou fè prezantasyon/eksplikasyon/teknoloji sipò <input type="checkbox"/> Metòd pou repons egzamen/sipò pou kontni <input type="checkbox"/> Lòt akomodasyon (tanpri presize)	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
Akomodasyon pou salklas/kourikoulòm <input type="checkbox"/> Orè klas/itilizasyon tan <input type="checkbox"/> Anviwònman pou aktivite klas <input type="checkbox"/> Metòd pou fè prezantasyon/eksplikasyon/teknoloji sipò <input type="checkbox"/> Metòd pou repons aktivite nan klas/sipò pou kontni <input type="checkbox"/> Lòt akomodasyon (tanpri presize)	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
Sipò akademik ak lòt sèvis <input type="checkbox"/> Parapwofesyonèl <input type="checkbox"/> Sèvis enfimri <input type="checkbox"/> Transpò (pou yon pwoblèm medikal tanporè oswa pou mobilite ki limite pou yon tan kout oswa yon tan ki long, voye fòm demand pou eksepsyon medikal yo nan Biwo pou transpò elèv (Office of Pupil Transportation, OPT) <input type="checkbox"/> Rezo sekirite (<i>lekòl segondè sèlman</i>) <input type="checkbox"/> Lòt sèvis (tanpri presize)	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>

* Lè yon elèv oblije pran medikaman pandan jounen lekòl la epi li pa kapab pran l poukont li, se enfimye lekòl la jeneralman ki ba li l. Y ap evalye demand pou sipò enfimye, parapwofesyonèl ak transpò 1:1 dapre ka pa ka. Se yon doktè biwo sante nan lekòl (OSH) ki dwe evalye demand pou yo ka konfime si gen bezwen pou sèvis medikal. Yo dwe ranpli lòt fòm; tanpri kontakte kowòdonatè 504 ou a. Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) pral revize demand pou teknoloji sipò yo epi li ka fasilite yon evalyasyon pou detèmine bezwen elèv la.

Dezyèm pati: KONSANTMAN PARAN- Paran/responsab la dwe ranpli l avan yo voye l ba kowòdonatè 504 la

Pitit ou a ka kalifye pou akomodasyon dapre seksyon 504 Lwa 1973 sou Reyabilitasyon. Ekip 504 lekòl ou a pral rankontre pou evalye dosye, travay klas, obsèvasyon salklas, egzamen ak deklarasyon doktè pitit ou a. Si pitit ou a kalifye pou sèvis yo dapre evalyasyon sa a, ekip la ap kreye yon plan 504 ak èd ou ansanm ak konsantman w. **Yo dwe evalye Plan 504 yo avan chak ane lekòl fini** oswa pi souvan si sa nesèsè.

Lè m siyen paj sa a: 1) Mwen bay konsantman m pou ekip 504 la evalye dosye pitit mwen an epi decide si li kalifye pou akomodasyon. 2) Mwen konfime mwen bay tout enfòmasyon okonplè dapre tout sa ou konnen. 3) Mwen konprann OHS ak DOE konte sou presizyon ki nan enfòmasyon ki sou fòm lan pou yo revize ak pran desizyon 4) Mwen konprann Bilten nouvèl OSH ak Bilten nouvèl DOE ka gen nenpòt lòt enfòmasyon yo panse ki nesèsè sou pwoblèm medikal pitit mwen an, medikaman l ap pran oswa tertman l ap swiv. OSH ka pran enfòmasyon sa a nan men nenpòt doktè, enfimye oswa famasyon ki bay pitit mwen an sèvis.

Nou voye fòm HIPAA ki tou ranpli a pou ou (OBLIGATWA POU EVALYASYON). PARAN YO DWE RANPLI DO FÒM SA A.

Non paran/responsab _____

Nimewo telefòn lajounen _____

Siyati paran/responsab _____

Dat _____

OTORIZASYON POU DIVILGE ENFÒMASYON SANTE DAPRE HIPAA

Non pasyan an	Dat nesans	Nimewo idantifikasyon pasyan an
Adrès pasyan an		

Mwen menm, oswa moun ki reprezante m, mande pou yo bay enfòmasyon sou sante konsènan swen ak tretman m ap resevwa jan yo di l nan fòm sa a: Dapre Lwa Eta Nouyòk ak règleman sou vi prive lwa 1996 sou kouvèti ak responsablite pou asirans swen sante (*Privacy Rule of the Health Insurance Portability and Accountability Act*, HIPAA), mwen konprann :

- Otorizasyon sa a kapab pèmèt yo divilge enfòmasyon ki gen rapò avèk **IZAJ ALKÒL ak DWÒG, TRETMAN SANTE MANTAL**, eksepte nòt sikoterapi ak **ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL KI GEN POU WÈ AVÈK VIH/SIDA*** sèl si mwen mete inisyal mwen sou liy ki la pou sa nan seksyon 7 la. Si enfòmasyon sante ki pi ba a genyen nenpòt nan tip enfòmasyon sa yo, epi mwen mete inisyal mwen sou liy kazye 7 la, mwen otorize espesifikman pou yo divilge enfòmasyon sa a bay Depatman sante ak ijyèn mantal Vil Nouyòk (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) ak bay Depatman edikasyon Vil Nouyòk (DOE), k ap dirije ansanm Biwo sante nan lekòl.
- Si m otorize bay enfòmasyon ki gen rapò avèk VIH/SIDA, tretman alkòl oswa dwòg oswa enfòmasyon sou tretman maladi mantal, li entèdi pou DOHMH limenm redivilge enfòmasyon sa yo san otorizasyon m sofsi lalwa federal oswa lwa Eta a pèmèt sa a. Mwen konprann mwen gen dwa mande yon lis moun ki ka resevwa oswa itilize enfòmasyon ki gen rapò avèk enfòmasyon mwen sou VIH san otorizasyon m. Si mwen viktim diskriminasyon akòz enfòmasyon ki gen rapò avèk VIH ke yo bay, mwen ka kontakte Divizyon dwa moun nan eta Nouyòk nan (212) 480-2493 oswa Komisyon dwa moun Vil Nouyòk nan (212) 306-7450. Ajans sa yo gen responsablite pou pwoteje dwa m.
- Mwen gen dwa pou m anile otorizasyon sa a nenpòt lè si m ekri doktè mwen te otorize pou divilge enfòmasyon yo. Mwen konprann ke mwen ka anile otorizasyon sa a eksepte si yo te deja pran mezi sa a dapre otorizasyon sa a.
- Mwen konprann ke mwen ka siyen otorizasyon sa a si m vle. Tretman m, peman, anwolman m nan yon plan sante oswa elijiblite m pou benefis pa p gen rapò avèk otorizasyon mwen bay pou divilge enfòmasyon sa yo.
- DOHMH oswa DOE ka bay enfòmasyon an dapre otorizasyon sa a (eksepte jan yo di l nan seksyon 2 pi wo a) epi lwa federal ak lwa Eta pa ka pwoteje enfòmasyon yo pou yo pa divilge yo ankò.
- MWEN OTORIZE TOUT FOUNISÈ SWEN SANTE MWEN YO POU BAY DEPATMAN SANTE AK IJYÈN MANTAL VIL NOUYÒK AK DEPATMAN EDIKASYON VIL NOUYÒK ENFÒMASYON SA YO, AK DISKITE SOU ENFÒMASYON SA YO AVÈK YO.**

7. Enfòmasyon espesifik pou yo divilge ak diskite:

Tout enfòmasyon sou sante (aloral oswa alekri) paegzanp istwa sante pasyan an, nòt doktè pran lè l ap egzamine pasyan an (eksepte nòt sikoterapi), rezilta tèl laboratwa, rezilta radyoloji, film, rekòmandasyon ba lòt doktè pou tretman, konsiltasyon, dosye bòdwo, dosye asirans ak dosye lòt founisè swen sante voye ba doktè m/founisè k ap ban m swen sante a.

- Si mwen tcheke kazye sa a, divilge ak diskite sèlman enfòmasyon sante mwen presize la a: _____

(Itilize kazye sa a si w pa vle yo divilge oswa pibliye tout dosye a. Itilize kazye 9 ki pi ba a pou fikse konbyen tan ou vle fòm sa a dire)

Paegzanp: (mete inisyal ou)

_____ Enfòmasyon sou tretman pou Alkòl/Dwòg. *Presize ki dosye pou yo divilge ak òganizasyon ki pou divilge yo:* _____

_____ enfòmasyon sou sante mantal

_____ Enfòmasyon ki gen rapò avèk VIH/SIDA

8. REZON KI FÈ W MANDE POU DIVILGE ENFÒMASYON YO: Y AP DIVILGE ENFÒMASYON SA A SOU DEMAND PASYAN AN OSWA REPREZANTAN LI AMWESNKE YO DI YON LÒT BAGAY LA A:	9. OTORIZASYON SA A AP EKSPIRE NAN DAT PASYAN SA A PA NAN YON LEKÒL OSWA YON PWOGRAM DOE AP DIRIJE OSWA YON PWOGRAM BIWO SANTE NAN LEKÒL AP OFRI, SOFSI YO PRESIZE YON LÒT BAGAY LA A**:
10. <u>SI SE PA PASYAN AN, NON MOUN K AP SIYEN FÒM LAN : (PARAN/RESPONSAB DWE RANPLI)</u>	11. MOUN KI SIYEN FÒM SA A GEN OTORIZASYON DAPRE LALWA POU L SIYEN NAN NON PASYAN AN KÒ PARAN OSWA RESPONSAB LEGAL PASYAN AN OSWA JAN YO ESPESIFYE LI LA A:

Yo ranpli tout kesyon ki nan fòm sa a epi yo te reponn tout kesyon mwen genyen sou fòm sa a, epi yo te remèt mwen yon kopi.

SIYATI PASYAN AN OSWA REPREZANTAN LALWA OTORIZE _____ DAT _____

* Viris iminodefisyans imen (Human Immunodeficiency Virus) ki lakoz SIDA. Lwa sou sante piblik Eta Nouyòk pwoteje enfòmasyon ki ka idantifye yon moun ki gen sentòm oswa jèm SIDA ak enfòmasyon konsènan moun pou yo kontakte.

**Si yo presize yon dat ekspirasyon nan seksyon 9 ki pi wo a, fòm lan ap ekspire nan dat sa a epi paran oswa responsab pasyan an, oswa lòt moun lalwa otorize dwe voye yon nouvo fòm.